**दिन—शनिवार** **दिनांक—25.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी काल्हि भोर एगारह बजे आकाशवाणी पर ''**मन की बात**'' कार्यक्रम मे देश—विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय सत्ताईसम कड़ी होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क पर कएल जायत। एकर अलावे ''**मन की बात**'' कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणीक वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। एकर अलावे भारतीक वेब्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। ''**मन की बात**'' कार्यक्रमक आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आओर सूचना एवं प्रसारण मंत्रालयक यूट्यूब चैनल सभ पर सेहो सीधा प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाखा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केंद्र सँ कएल जाएत। एहि प्रसारण कँ दोबारा रात्रि आठि बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————

विधानसभा चुनावक लेल प्रचार तेज भऽ गेल अछि। पहिल चरण मे छओ नवम्बर कँ अठारह टा जिलाक एक सय एक्कैस विधानसभा सीट सभ पर मतदान होयत। सभ दलक स्टार प्रचारक लगातार रैली कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह आइ मुंगेर मे आयोजित जनसभा कँ संबोधित करैत कहलनि जे बिहार मे एक बेर फेर सँ एनडीए कऽ सरकार बनत। श्री शाह कहलनि जे बिहारक जनता जंगलराजक वापसी नहि चाहैत अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे बिहार तेजी सँ विकास कऽ रहल अछि। ओतहि, श्री शाह खगड़िया मे आयोजित एकटा चुनावी सभा कँ संबोधित करैत कहलनि जे करोड़ों टाकाक भ्रष्टाचारक आरोप मे घेराएल राजद आओर कांग्रेस सरकार बिहारक विकास नहि कऽ सकैत अछि। श्री शाह कहलनि जे जेकरा पर भ्रष्टाचारक कोनो आरोप नहि होएत, वएह टा बिहारक विकास कऽ सकैत अछि।

———————————————————

एम्हर, बक्सरक डुमरांव मे चुनावी सभा कैँ संबोधित करैत जदूयक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे हुनक सरकार सभ वर्गक लेल कार्य कएलक अछि, आइ राज्य मे चंहु दिस शांति, सुरक्षा आओर सुशासनक वातावरण अछि।

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ खगड़िया मे एकटा चुनावी सभा कैँ संबोधित करैत कहलनि जे हुनक सरकार अएला पर माई–बहिन–मान योजनाक तहत सभ महिलाक सशक्तिकरण कएल जायत।

ओतहि, पूर्वी चंपारणक मोतिहारी मे जनसुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर जनसभा कैँ संबोधित करैत लोकसभ सँ रोजगार देबाक आओर पलायन बंद करबाक लेल वोट देबाक अपील कएलनि।

———————————————————————

लोक आस्थाक चारि दिवसीय छठि महापर्व आइ नहाय–खाय कऽ संग शुरू भऽ गेल। अजुका दिन छठि–व्रती पवित्र स्नानक बाद सात्विक रूपें तैयार अरवा चाउरक भात, बूटक दालि, सजिमनिक तरकारी कैँ प्रसादक रूप मे ग्रहण करैत छथि। व्रतक दोसर दिन काल्हि खरनाक अनुष्ठान होयत। खरनाक महाप्रसाद ग्रहण करबाक पश्चात् छठि–व्रती छत्तीस घंटाक निर्जला उपवास रखतीह। सत्ताईस अक्टूबर कैँ अस्ताचलगामी सूर्य कैँ अर्घ्य देल जाएत। एकर अगिला दिन अट्ठाईस अक्टूबर कैँ उदीयमान सूर्य कैँ अर्घ्य अर्पित करबाक संग चारि दिवसीय महापर्व संपन्न भऽ जाएत। विभिन्न जिला सभ सँ हमर संवाददाता बतएलनि जे छठि महापर्वक लेल बाजार मे खूब रौनक देखल जा रहल अछि। छठि पूजा मे उपयोग होइवला फल, माटिक बर्तन आओर संपूर्ण पूजा सामग्री कीनबाक लेल विभिन्न स्थान सभ पर श्रद्धालु लोकनिक भीड़ देखल जा रहल अछि।

———————————————————————

औरंगाबाद जिलाक ऐतिहासिक सूर्य मंदिर मे आइ सँ चारि दिवसीय कार्तिक छठि मेलाक शुरूआत भऽ रहल अछि। हमर संवाददाता बतएलनि जे मेलाक विधिवत उद्घाटन काल्हि कएल जायत। जिला पदाधिकारी श्रीकांत शास्त्री बतएलनि जे मेला मे आबइवला श्रद्धालु लोकनिक सुविधाक लेल समूचित प्रबंध कएल गेल अछि। विधि–व्यवस्था बनेने रहबाक लेल सशस्त्र बलक तैनाती कएल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी नागरिक सभ सँ छठि पूजा सँ जुड़ल गीत साझा करबाक आग्रह कएलनि अछि। एकटा सोशल मीडिया पोस्ट मे, श्री मोदी बतएलनि जे बिहार सहित देशभरिक

श्रद्धालु एहि पर्वक तैयारी मे पूर्ण–श्रद्धाक संग जुटल छथि। एम्हर, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी सभ कैँ छठि महापर्वक शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————————————

रेल मंत्रालय दीयाबाती आओर छठि पर्व मनाए कऽ वापस होयबला यात्री सभक सुविधाक लेल छओ हजार सँ बेसी विशेष रेलगाड़ी सभ चलाएत। तीन दिनक दरमियान नओ सय सँ बेसी विशेष रेलगाड़ी सभ चलाएल जाएत। मंत्रालय बतैलक जे छठि पर्वक दरमियान सूचारू संचालन सुनिश्चित करबाक लेल प्रदेशक लगभग तीस टा स्टेशन सभ पर अतिरिक्त टिकट काउंटर, सीसीटीवी निगरानी आओर अन्य यात्री अनुकूल व्यवस्था सभ कएल गेल अछि। पटना, मुजफ्फरपुर, दरभंगा आओर गया मे संभावित स्वास्थ्य आपात स्थिति सँ निपटबाक लेल चिकित्सा बूथ सेहो बनाएल गेल अछि।

एम्हर, कटिहार रेल मंडल त्योहार पर आबइवला यात्री सभक सुविधाक लेल कटिहार सँ मनिहारीक बीच दू जोड़ी स्पेशल ट्रेनक शुरूआत कएलक अछि। डीसीएम संगीता मीणा बतएलनि जे मंडलक अठारह टा रेलवे स्टेशन सभ पर अंठावन टा ऑटोमेटिक टिकट वेंडिंग मशीन लगाएल जा रहल अछि। डीसीएम बतएलनि जे विशेष ट्रेन पांच नवम्बर धरि चलत।

————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।